# INTERNET TARMAĢINDA SÓYLEW MÁDENIYATI HÁM SÓYLEW TEXNIKASI MÁSELELERI

**Yaumıtbaeva Sayyora**
Qońırat rayonı 1-sanlı texnikumı
qaraqalpaq tili hám ádebiyatı oqıtıwshısı

**Annotaciya:** bul jumısta zamanagóy internet ortalıǵında virtual qatnasıwshılarınıń sóylew mádeniyatı hám onıń ózine tán ózgeshelikleri úyrenilgen. Izertlewde sociallıq tarmaqlarda gúzetilip atırǵan til normalarınıń buzılıwı, orfografiyalıq hám stilistikalıq qátelikler hám de pikir bildiriwdegi tásirsheńlik máseleleri tallanǵan. Sonday-aq, onlayn ortalıqta ádep-ikramlıq qádelerinen shıqpastań, óz pikirin anıq hám tásirli jetkerip beriw uqıplılıqların jetilistiriw boyınsha ámeliy usınıslar islep shıǵılǵan. Bul jumıs filologlar, jurnalistler hám internet ortalıǵında sapalı hám mádeniyatlı baylanıs ornatıwǵa qızıǵıwshı barlıq paydalanıwshılar ushın áhmiyetli derek bolıp xızmet etedi.
**Gilt sózler:** internet, messendjer, elektron pochta, onlayn platforma, sóylew texnikası, anonimlik sezimi, mediasawatxanlıq.

Búgingi kúnde internet tarmaǵı barlıq jámiyetlerde insan turmısınıń ajıralmas bólegine aylandı. Sociallıq tarmaqlar, messendjerler, elektron pochta hám hár qıylı onlayn platformalar arqalı adamlar óz-ara baylanısıp, bilim almaqta hám ózara maǵlıwmatlar almasıwdı ámelge asırmaqta. Bul hádiyse zaman talabınan kelip shıǵıp atırǵanlıǵı málim. Tez pát penen rawajlanıp atıǵan ilim-pán hám texnologiyalar adam iskerliginiń jáne de jedellesiwin talap etpekte. Barlıq tarawlarda hár kúni júz berip atırǵan jańalanıwlar adamlar arasındaǵı maǵlıwmat almasıw procesiniń jáne de tezlesiwine sebep bolmaqta. Álbette, bunday sharayatta sociallıq tarmaqlar óziniń xabar almasıwdaǵı sheksiz imkaniyatları menen jetekshi orındı iyelep ketiwi sózsiz. Hár bir kúnimizdiń belgili waqtı internet tarmaǵında ótedi, sociallıq tarmaqlarda adamlar menen qarım-qatnas qılamız, kerek bolsa áhmiyetli jumıslarda da usı jerde ámelge asıramız. Búgingi kúnge kelip ásirese jas áwladtıń kórkem ádebiyattan ádewir jıraqlıǵı hám basqa da faktorlar sebepli jazba sawatxanlıq dárejesi tómen ekenligi hesh kimge sır emes. Bunıń ayrıqsha úlgileri sociallıq tarmaqlardaǵı qarım-qatnaslarda ayqın kórinedi. Kópshilik buǵan derlik iitibar bermeydi. Ayrımlar buǵan ózara xabar yaki pikir alısıwda internet tarmaǵında qısqalıq zárúrligin sebepshi qılıp ta kórsetedi. Lekin, máseleniń ekinshi tárepi de bar. Biz internet tarmaǵında iskerlik júriter ekenbiz, ol jerde biziń adam sıpatın, jámiyet aǵzası sıpatında da qásiyetlerimiz de jarıqqa shıǵadı. Bul bizlerdiń jazıp atırǵan sózlerimizdiń mánisi, forması arqalı júzege shıǵadı. Mádeniyatlı adam real ómirde ózin qalay jaqsı tutsa, internet tarmaǵında da usıǵan ámel qıladı. Ol hesh qashan sociallıq tarmaqlarda jónsiz maǵlıwmatlardı jazbaydı, basqalardıń waqtın sebepsiz almaydı, jazıwda da til mádeniyatın saqlaydı.

International Conferences
Open Access | Scientific Online | Conference Proceedings
INTERNATIONAL CONFERENCES OF PRACTICE

Házirgi sharayatta sóylew mádeniyatı hám sóylew texnikasına ámel etiw áhmiyetli máselelerden biri esaplanadı. Sebebi, internettegi hár bir jazılǵan pikir, túsinik yaki xabar adamnıń ruwxıy dárejesi, mádeniyatı hám dúnya qarasın kórsetedi. Sóylew mádeniyatınıń tiykarǵı talaplari bolǵan-ádebiy til normalarına ámel etiw, sózlerdi orınlı qollanıw, oy-pikirdiń anıqlıǵı hám logikalıǵı, sóylesiwshige húrmet penen qatnasta bolıw sociallıq tarmaqlardaǵı qarım-qatnaslarda da saqlanıwı kerek. Internet tarmaǵında usı talaplarǵa ámel etiw paydalanıwshılar arasında normadaǵı qarım-qatnas ortalıǵın jaratıwǵa xızmet etedi.

Internet tarmaǵında sóylew mádeniyatın qáliplestiriw dárriw ámelge asatuǵın process emes, bul ushın bir qansha mashqalalardı saplastırıwǵa tuwra keledi. Internet maydanındaǵı eń kóp ushırasatuǵın unamsız jaǵdaylar bul, birinshiden, ádebiy til normalarınıń buzılıwı, jáne kópshilik tárepinen qopal tárizde buzılıwı bolıp tabıladı. Kóplegen internet paydalanıwshıları jazıwlarda imla hám stillik qaǵıydalarǵa ulıwma itibar bermeydi. Nátiyjede teksttiń mazmunın túsiniw qıyınlasadı hám til mádeniyatınıń tómenlewi kelip shıǵadı. Jáne bir jiyi ushırasatuǵın jaǵday, qopal, turpayı sózler hám jargonlardan paydalanıw. Internet tarmaǵında adamlar isengen bir másele - anonimlik sezimi, yaǵnıy, paydalanıwshınıń jasırın bolatuǵınlıǵı ayırım paydalanıwshılardı ádep-ikramlılıq qaǵıydaların buzıwǵa iytermeleydi. Túrli tartıslarda sógis sózler, kemsitiwshi hám namısqa tiyiwshi sózlerdiń qollanılıwı internettegi qarım-qatnas mádeniyatınıń tómenlewine alıp kelmekte. Sonday-aq, jámiyetimiz ushın unamsız tásir etiwshi jaǵday-jalǵan hám tastıyıqlanbaǵan maǵlıwmatlardı tarqatıw da kem-kemnen áwij almaqta. Internettegi nadurıs xabar hám maǵlıwmatlar jámiette túrli túsinbewshiliklerdi keltirip shıǵarıwı múmkin. Sonıń ushın hár bir paydalanıwshı maǵlıwmattıń isenimliligin tekserip, keyin ǵana bólisiwi kerek. Sociallıq tarmaqlarda ózara pikir alısıwda qarım-qatnas tezligin asırıw maqsetinde ayırım sózlerdiń nadurıs qısqartılıwı jaslar sóylewine de unamsız tásir kórsetpekte. Bunday qısqartıwlardı olar keyin awızeki sóylewde qollanıp ketiwi de ushırasadı. Bul jaǵday ádebiy til normalarınan uzaqlasıwǵa sebep boladı.

Bunday unamsız jaǵdaylardıń eń awır aqıbetlerininń biri - bul adamlardıń kónligip ketiwi bolıp tabıladı, yaǵnıy bunday jaǵdaylardıń kem-kemnen norma túsine aynalıp ketiwi tilimizdiń qádriyat sıpatında abıroy-itibarınıń túsiwine alıp keledi. Sonlıqtan, bul máselege keń jámiyetshilik názer qaratıwı kerek. Kerek bolsa baslanǵısh klasslardan baslap balalarǵa internet tarmaqlarındaǵı sóylew, qarım-qatnas mádeniyatın qıliplestirip barıwımız kerek. Sebebi, bizler qálesek te, qálemesek te balalar mektep jasınan baslap internet paydalanıwshılarına aynalıp barmaqta. Bul procesti toqtatıw imkansız. Tek ǵana internetten maqsetke muwapıq, tiyisli tártip-qaǵıydalarǵa ámel qılǵan halda paydalanıwdı erte jastan qáliplestirip barıw lazım. Barlıq oqıw orınlarında internet qarım-qatnas mádeniyatı boyınsha qısqa kurslar shólkemlestiriw jaslardıń sociallıq qarım-qatnaslardaǵı iskerliginde til mádeniyatın saqlawǵa xızmet etedi. Bunda tek sóylew mádeniyatın saqlaw ǵana emes, al, sóylew texnikası, pikirdi nátiyjeli jetkeriw ushın qollanılatuǵın usıllar hám quralllar boyınsha da maǵlıwmat beriw názerde tutılıwı kerek. Internet ortalıǵında sóylew texnikasın ózlestiriw pikirlerdi logikalıq dúziw, qısqa hám anıq gáplerden paydalanıw,

irkilis belgilerin durıs qollanıw, stillik kórkemlik, sóylew etikasına ámel qılıwdı qáliplestiredi. Eger sóylew texnikası jaqsı qollanılsa adamlar ushın zárúr bolǵan másele-xabarlardıń tez hám anıq jetkeriliwine de járdem beredi.

Ulıwma alǵanda, internet tarmaqlarında sóylew mádeniyatın rawajlandırıw ásirese ustazlar iskerligin talap etedi. Ana tili sabaqlarında ádebiy til qaǵıydaların kóbirek úyretiw, barlıq sabaqlarda oqıwshılardıń úy tapsırmaların orınlawında orfografiya hám punktuaciyaga itibar beriwdi kúsheytiw zárúr.

Sociallıq tarmaqlarda mádeniyatlı hám sawatlı qarım-qatnas jasaw internet mákanında salamat kommunikaciya ortalıǵın jaratadı, insanlar arasındaǵı óz-ara húrmetti bekkemleydi hám milliy tilimizdiń abırayın arttıradı. Sol sebepli hárbir paydalanıwshı internetten paydalanıwda sóylew mádeniyatı hám sóylew texnikası talaplarına ámel etiwi zárúr. Bul boyınsha ásirese jaslar arasında mediasawatxanlıqtı qáliplestiriw áhmiyetli rol oynaydı.

International Conferences
Open Access | Scientific Online | Conference Proceedings
INTERNATIONAL CONFERENCES OF PRACTICE